



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$20 MILYON POU NOUVO SÈVIS SANTE MANTAL

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te devlope nouvo sèvis sante mantal nan kominote yo nan Eta New York, enkli cekip sante mantal mobil inovè ak pri efikas, tankou pwogram rezidansyèl nan kay, ak sèvis entèvansyon bonè. Avèk \$20 milyon ki te afekte nan Biwo Sante Mantal Eta, pwogram lan disponib pou timoun ansanm avèk adilt e li pral ogmante aksè a swen sante mantal, pèmèt Nouyòkè yo jwenn èd ki pi pre lakay ak kominote yo.

“Lè nap ede plis Nouyòkè jwenn tretman sante mantal nan lokasyon ki pi pratik, nou pral ede kominote nou yo pou yo vini pi fò ak ansante,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksè imedyat a swen esansyèl pou fanmi yo ki bezwen èd e nouvo pwogram sa yo disponib lè ak kote yo bezwen yo piplis.”

Finansman an fè pati nan yon plan \$59 milyon Eta New York pou elaji disponibilite ak aksè a sèvis sante mantal a plis rezidan New York, avèk yon objektif pou redwi bezwen pou ospitalizasyon ki koute chè. Finansman sa a sipòte egalman de ekip OnTrackNY nan Syracuse ak Rochester, ki bay idantifikasyon bonè ak sèvis tretman pou jèn adilt yo kap eksperimente premye epizòd psikoz yo. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou OnTrackNY [la](#).

“Pou anpil moun ki gen maladi mantal, rekiperasyon pa sèlman posib, men tou deplizanpli pwobab avèk aksè a sèvis sante mantal global ki baze sou kominote,” **te deklare Komisyonè Biwo Sante Mantal Eta New York Ann Marie T. Sullivan, MD.** “Lè nou bay aksè imedyat a sèvis sante kap konekte rezidan New York yo a yon laj varyete opsyon tretman nan kominote lakay yo, nap redwi itilizasyon depatman ijans inapwopriye, ospitalizasyon ansanm avèk lòt plasman pètibasyon pwolonje andeyò kay la.”

Pwogram yo gen ladan sa ki annaprè a:

***Ekip Entegrasyon Mobil nan Long Island, North Country, Southern Tier, Zòn Rochester ak Lwès New York***

Sèvi preske 2,000 rezidan New York jiska dat, Ekip Entegrasyon Mobil Biwo Sante

Mantal la bay entèvansyon klinik ak sipò ki nesèsè pou trete epi kenbe avèk siksè moun yo ki gen maladi mantal lakay yo oswa nan kominote a. Grasa yon varyete sèvis enkli evalyasyon sèvis sante, reyabilitasyon sikyatrik ak rekipèrasyon, gwoup sipò kanmarad, ranfòsman konpetans, evalyasyon kriz ak entèvansyon, kolaborasyon sistèm legal, sipò kominotè ak swen ansanm avèk lòt sèvis sipò, ekip sa yo vize pou bay yon opsyon mobil global pou rezidan New York yo ki gen bezwen sèvis sante mantal.

### ***Kay pou kriz Tanporè Timoun & Adolesan nan Dix Hills, Elmira ak Syracuse***

Sèvi plis pase 200 timoun ak jèn New York jiska dat, Biwo Sante Mantal Kay pou Kriz Tanporè Timoun ak Adolesan [Office of Mental Health's Child & Adolescent Crisis Respite Houses] bay swen rezidansyèl pou timoun ak adolesan ki gen laj 10-17 ane e li ede fanmi ak moun kap bay swen yo nan estabilize sitiyoasyon kriz yo epi ofri "espas pou respire" pou alafwa jèn yo ki an kriz ansanm avèk moun kap bay swen yo ki sipòte yo. Sèvis pwogram sa yo bay gen ladan estabilizasyon kriz, sipò konpòtman, edikasyon medikaman ak fòmasyon, sipò fanmi ak zanmi, edikasyon paran, ak plis ankò. Jèn yo ke yo sèvi nan pwogram sa yo jeneralman fè tranzisyon pou retounen jwenn fanmi oswa lòt gadyen yo nan kèk semèn.

Finansman sa a pral sipòte pwogram anplis ki aktyèlman an devlopman nan eta.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Ekip Entegrasyon Mobil Biwo Sante Mantal la ak direksyon sou kijan pou gen aksè a sèvis sa yo, tanpri telechaje bwochi ki anba yo:

[Long Island Children's Mobile Crisis Team Brochure](#)

[North Country Mobile Integration Team Brochure](#)

[Rochester Mobile Integration Team Brochure](#)

[Southern Tier Mobile Integration Team Brochure](#)

[Western New York Children's Mobile Integration Team Brochure](#)

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Kay Kriz Tanporè Timoun ak Adolesan nan Biwo Sante Mantal ak kijan pou aplike pou admisyon, tanpri telechaje bwochi ki anba yo:

[Elmira Child and Adolescent Crisis Respite House Brochure](#)

[Syracuse Child and Adolescent Crisis Respite House Brochure](#)

[Dix Hills Child and Adolescent Crisis Respite House Brochure](#)

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418